# KÁSIPLIK PEDAGOGIKALÍQ KOMPETENTLIKKE IYE BOLÍWDA ÓZ ÚSTINDE ISLEW MODELI

***Orınbetov N.***
*NMPI Texnologiyalıq tálim kafedrası docenti*
***Matekeev R.***
*NMPI Texnologiyalıq tálim kafedrası assistenti*

**Tayanch so'zlar:** kompetentsiya, kasbiy kompetentsiya, kasbiy kompetentsiya sifatlari, pedagogik kasbiy kompetentsiya, individual rivojlanish dasturi, o'qituvchining individual rivojlanish dasturi, o'z-o'zini rivojlantirish, o'qituvchining o'zini o'zi rivojlantirish bosqichlari, o'qituvchining o'zini o'zi rivojlantirish bosqichlari, o'z-o'zini baholash.

**Ключевые слова:** компетентность, профессиональная компетентность, качества профессиональной компетентности, педагогическая профессиональная компетентность, индивидуальная программа развития, индивидуальная программа развития педагога, саморазвитие, саморазвитие педагога, этапы саморазвития педагога, самооценка.

**Key words:** competence, professional competence, qualities of professional competence, pedagogical professional competence, individual development program, individual development program of a pedagogue, self-development, pedagogue's work on himself, stages of pedagogue's work on himself, self-evaluation.

Ózbekstan Respublikası joqarı bilimlendiriw sistemasın mazmunnan jańalaw, informaciyalar globallasqan bir dáwirde usı tálim sistemasında pedagogikalıq iskerlik júrgizip atırǵan professor-oqıtıwshılardıń tálim-tárbiya procesin shólkemlestiriwdi modernizaciyalaw, usı proceske innovaciyalıq texnologiyalardı qóllawǵa tiyisli metodikalıq bilim, kónlikpe hám uqıplılıqların rawajlandırıw búgingi kúnniń aktual máseleleriniń biri bolıp esaplanadı. Bazar qatnasıqları sharayatında miynet bazarında ústin turatuǵın kúshli básekege shıdamlı bolıw hár bir qánigeden kásiplik kompetentlikke ıye bolıwı, onı izbe-iz túrde ámelge asırıp barıwdı talap etpekte. "Kompetentlik" túsinigi bilimlendiriw tarawına psixologiyalıq izertlewler nátiyjesinde kirip kelgen.

Kásiplik kompetentlik - qánige tárepinen kásiplik iskerlikti ámelge asırıw ushın zárúr bolǵan bilim, kónlikpe hám uqıplılıqlardıń iyeleniwi hám olardı ámelde joqarı dárejede qollana alınıwı.

Kásiplik kompetentlik qánige tárepinen ayrıqsha bilim, uqıplılıqlardıń iyeleniwi bolıp qalmay, hár bir erkin baǵdar boyınsha integrativ bilimler hám háreketlerdiń ózlestiriliwin názerde tutadı. Sonıń menen birge, kompetenciya

qánigelik bilimlerin mudamı bayıtıp barıwdı, jańa informaciyalardı úyreniwdi, zárúrli sociallıq talaplardı ańlay alıwdı, jańa maǵlıwmatlardı ızlep tabıwdı, olardı qayta islew hám óziniń iskerliginde qollay alıwdı talap etedi.

Kásiplik kompetentlik tómendegi jaǵdaylarda ayqın kórinedi:

- quramalı processlerde;
- anıq emes wazıypalardı orınlawda ;
- bir-birine qarsı maǵlıwmatlardan paydalanıwda ;
- kútilmegen jaǵdayda háreket rejesine iye bola alıwda

Kásiplik kompetenciyaga iye qánige:

- óz bilimlerin izbe-iz bayıtıp baradı;
- jańa informaciyalardı ózlestiredi;
- dáwir talapların tereń túsinedi;
- jańa bilimlerdi izlep tabadı ;
- olardı qayta isleydi hám óziniń ámeliy iskerliginde nátiyjelli qollay aladı.

Kásiplik-pedagogikalıq kompetentlikke ıye bolıwda óz ústinde islew, ózin-ózi rawajlandırıw zárúr áhmiyetke iye. Ózin-ózi rawajlandırıw wazıypaları ózin-ózi talqılaw hám ózin-ózi bahalaw arqalı anıqlanadı.

Óz ústinde islew - pedagogtıń úzliksiz ráwishte óziniń kásiplik bilim, kónlikpe hám uqıplılıqların (BKU) hám jeke pázil etlerin rawajlandırıp barıw jolındaǵı ámeliy háreketlerdiń shólkemlestiriliwi.

Óz ústinde islewde tómendegiler anıqlanadı:

- kásiplik BKUtı rawajlandırıp barıw;
- iskerlikke sın kóz-qarastan hám dóretiwshilik jantasıw;
- kásiplik hám dóretiwshilik sheriklikke erisiw;
- ıskerlik qábiletin rawajlandırıw ;
- unamsız ádetlerdi jónge salıw;
- unamlı sıpatlardı ózlestiriw.

Pedagogtıń qánige sıpatında:

- anıq maqset, umtılıw tiykarında pedagogikalıq processti jetilistiriwi;
- pedagogikalıq process natiyjeliligin, óziniń ıskerlik aktivligin asırıwı ;
- úzliksiz túrde jańalanıp baratırǵan pedagogikalıq bilimlerdi ózlestiriwi;
- aldıńǵı texnologiya, metod hám de qurallardan xabardar bolıwı;
- iskerligine pán-texnikanıń sońǵı jańalıqların nátiyjeli ámelde qollana bilwi;
- kásiplik kónlikpe hám uqıplılıqlardı jetilistiriwi;
- unamsız pedagogikalıq jaǵdaylardıń aldın alıw, saplastırıw ilajların izlew jolında alıp barılatuǵın ámeliy háreketi onıń óz ústinde islewin ańlatadı.

Pedagogtıń óz ústinde islewi bir neshe basqıshta boladı. Olar (1-súwret):




*1-súwret. Pedagoglardıń óz ústinde islew basqıshları*

Pedagoglardıń óz ústinde úzliksiz, nátiyjeli islewlerinde iskerlikke joybarlı jantasıwına alıp keledi. Olardıń joybarlı jantasıwı tiykarında tómendegi modeldi qáliplestire alıwları maqsetke muwapıq bolıp tabıladı. Modelde óz ústinde islew basqıshları hám hár bir basqıshta ámelge asırılatuǵın wazıypalar belgilenedi. Hár bir basqısh ushın belgilengen wazıypalardıń nátiyjeli sheshiliwi náwbettegi basqıshqa ótiw imkaniyatın beredi. Málim basqısh wazıypaları anıqlanǵannan soń, pedagog bul jaǵdaydı basqasha bantte belgileydi (1-keste):

Pedagogtıń óz ústinde islew modeli 1-keste

| Basqıshlar | Olarda ámelge asırılatuǵın wazıypalar | Nátiyjeler |
|---|---|---|
| 1-basqısh | | |
| 2-basqısh | | |
| 3-basqısh | | |
| 4-basqısh | | |
| 5-basqısh | | |

Pedagogtıń kásiplik kompetentlikke iye bolıwında ózin-ózi talqılawıda áhmiyetli bolıp sanaladı.

Ózin-ózi talqılaw pedagog tárepinen kásiplik iskerlikte anıqlanǵan óziniń ámeliy háreketleriniń áhmiyetin úyreniliwi bolıp tabıladı.

Ózin-ózi talqılaw arqalı pedagog ózin-ózi obektiv bahalaw múmkinshiligine iye boladı. Biraq, pedagoglardıń kásiplik kompetentlilik sıpatına ıye bolıwında olardıń ózin-ózi bahalaw uqıplılıqlarına eyeligi hám zárúrli bolıp tabıladı.

Ózin-ózi bahalaw (ÓÓB) - shaxstıń ózin-ózi talqılaw arqalı ózine baha beriwi. Ózin-ózi bahalaw subekt ushın jeke múmkinshiliklerin esap-kitap etiw, ózine obektiv baha beriw, ózinnen qanaatlanıwdı támiyinleydi.

Ózin-ózi bahalaw shaxstıń qábiletiniń óz kúshi menen payda bolıwına járdemlesiwi zárúr. Ózin-ózi bahalaw qıyın, lekin shaxstı buǵan tikkeley tayarlaw múmkin. Hár qanday qánigede bolǵanı sıyaqlı pedagogtıń da ózin-ózi nátiyjeli bahalay alıwına bir qatar faktorlar tásir kórsetedi. Ózin-ózi nátiyjeli bahalaw faktorları:

1. Ózin túsiniw (ózi haqqında anıq maǵlıwmatlarǵa ıye bolıwı).

2. Shaxs retinde óziniń qádir-qımbatın ańlaw (ózi haqqındaǵı unamlı maǵlıwmatlardı toplaw).

3. Ózin-ózi baqlaw (ózi haqqındaǵı jeke pikirdiń átiraptaǵılar tárepinen oǵan berilip atırǵan bahaǵa sáykes keliwi.

Ózin-ózi bahalaw dárejesi shaxstıń ózin-ózi qanaatlanıwı yamasa qanaatlanbawın belgilep beredi. Bunda ózin-ózi bahalaw kórsetkishleri shaxs múmkinshiliklerine sáykes keliwi kerek. Ózin-ózi asırıp yamasa páseytirip kórsetiwi ózin-ózi bahalaw kórsetkishleriniń nadurıs bolıwına alıp keledi. Kóplegen dereklerde shaxs tárepinen ózin-ózi bahalaw tómendegi formula tiykarında anıqlanıwı kórsetilgen:

ÓÓB = tabıslar / ózin joqarı bahalawǵa umtılıw (yamasa ÓÓB = J/ ÓJBU)

Formulaǵa qaray, qanday da tabısqa erisiwde, shaxs tárepinen ózin-ózi joqarı bahalaw (tabıslar úlesin asırıw ) yamasa ózine salıstırǵanda qoyıp atırǵan talaplardı páseytiriwge alıp keledi.

Onda, ÓÓBda haqıyqatlıqa erisiwde tómendegi formuladan paydalanıw maqsetke muwapıq boladı:

ÓÓB = tabıslar / óz-ózin rawajlandırıw wazıypaları (yamasa ÓÓB = J/ ÓÓRW)

Bul formula menen islewde pedagog tómendegi ózin-ózi bahalaw modeline súyene otırıp jumıs islewi múmkin (2 -keste):

Ózin-ózi bahalaw modeli — 2 -keste.

| № | Erisilgen jetiskenlikler | Ózin-ózi rawajlandırıw wazıypaları |
|---|---|---|
| 1 | | |
| 2 | | |
| 3 | | |
| .... | | |

Bul model tiykarında ózin-ózi bahalaw júdá ańsat boladı. Egerde, erisilgen tabıslar sanı ózin-ózi rawajlandırıw wazıypalarına salıstırǵanda kóp (1 den úlken) bolsa, ol jaǵdayda pedagog joqarı dárejede kásiplik kompetentlikke iye

boladı. Egerde, tabıslar hám belgilengen ózin-ózi rawajlandırıw wazıypaları óz-ara (1 ge) teń bolsa, ol jaǵdayda ol ózinde orta dárejedegi kásiplik kompetenlikti ańlatadı. Egerde, tabıslar sanı belgilengen rawajlandırıw wazıypalarınan kishi (1 den kishi yamasa 0 ge teń) bolsa, ol jaǵdayda pedagogtıń kásiplik kompetentlik dárejesi tómen esaplanadı jáne bul jaǵday pedagogtan óziniń kásiplik kompetentligin rawajlandırıwǵa ayrıqsha itibar beriwin talap etedi.

Formulada "ózin-ózi rawajlandırıw wazıypalari" termin qollanılǵan eken, eń dáslep, ózin-ózi rawajlandırıw ne ekenligin túsinip alıw zárúr.

Ózin-ózi rawajlandırıw - shaxstıń ózinde kásiplik tájiriybe, uqıplılıq hám sheberlilikti jetilistiriw jolında anıq maqset hám puqta oylanǵan wazıypalar tiykarında erkin túrde ámeliy háreketlerdi qurawı.

Bir qatar izertlewlerde qánige, sonday-aq, pedagogtıń ózin-ózi rawajlandırıwında "Individual rawajlanıw dástúri" maqsetke muwapıq ekenligi aytıladı.

Individual rawajlanıw dástúri (IRD) - hár bir shaxs yamasa qánigeniń ózinde málim sıpat, BKU, kásiplik kompetentlikti qáliplestiriw hám rawajlandırıw mútájlikleri tiykarında islep shıǵılǵan jeke-ámeliy xarakterdegi dástúr.

Bul dástúrde kásiplik iskerlikti shólkemlestiriw ushın zárúr bolǵan BKU hám de kásiplik kompetentlik sapaların qáliplestiriw hám rawajlandırıw múddetleri belgilenedi. Hár qanday qánige sıyaqlı pedagogta ózi ushın jeke-ámeliy xarakterge iye "Individual rawajlanıw dástúr"in islep shıǵa alıwı, ol tiykarında pedagogikalıq iskerlikti jolǵa qoyıwı zárúr.

Pedagogtıń individual rawajlanıw dástúri-qánige retinde pedagogtıń individual túrde ózinde ol yamasa bul kásiplik-pedagogikalıq sıpat, bilim, kónlikpe, uqıplılıq, kásiplik kompetentlik sıpatların qáliplestiriw hám rawajlandırıw mútájliklerine tayanǵan halda islep shıqqan jeke-ámeliy xarakterdegi dástúr bolıp esaplanadı.

Pedagog tárepinen islep shıǵılatuǵın "Individual rawajlanıw dástúri" tómendegi strukturalıq elementlerden turadı:

1)pedagogikalıq bilimler;
2) psixologiyalıq bilimler;
3) qánigelik bilimler;
4) didaktikalıq uqıplılıq;
5) tárbiyalıq jumıslardı shólkemlestiriw uqıplılıqları;
6 ) kásiplik áhmiyetke iye qásiyetleri hám jeke sıpatları;
7) ózin-ózi rawajlandırıw maqsetleri;
8) ózin-ózi rawajlandırıw ushın tapsırmalar

Tómendegi pedagogtıń "Individual rawajlandırıw dástúri"niń úlgisi keltiriledi (3 -keste):

Individual rawajlandırıw dástúri 3-keste

| **Bilim, uqıplılıq hám jeke sıpatlar** | **Dáreje** | **Keleshek wazıypalar** |
|---|---|---|
| Pedagogikalıq bilimler | | |
| Psixologiyalıq bilimler | | |
| Qánigelik bilimler | | |
| Didaktikalıq bilimler:<br>-biliwge baylanıslı (gnostik) joybarlaw<br>-dóretiwshilik-ámeliy (konstruktiv)<br>-izleniwshilik<br>-baylanıslılıq (kommunikativ) shólkemlestiriwsheńlik<br>-izbe-izlikti támiyinlewshi (processual)<br>-texnikalıq-texnologiyalıq uqıplılıqlar | | |
| Tárbiyalıq jumıslardı shólkemlestiriw uqıplılıqları:<br>-biliwge baylanıslı (gnostikalıq)<br>-joybarlaw uqıplılıqları<br>-dóretiwshilik-ámeliy (konstruktiv)<br>-izleniwshilik<br>-baylanıslılıq (kommunikativ) shólkemlestiriwsheńlik<br>-izbe-izlikti támiyinlewshi (processual)<br>-texnikalıq-texnologiyalıq uqıplılıqlar | | |
| Sana seziminiń kásiplik ahmiyetke iye qásiyetleri hám jeke sıpatlar:<br>-pedagogikalıq pikirlew<br>-sistemalılıq<br>-iykemlesiwsheńlik<br>-mobillik<br>-dóretiwsheńlik<br>-pedagogikalıq reflekciya<br>-sezim rawajlanıwshılıq | | |
| Ózin-ózi rawajlandırıw maqsetleri | | |
| Ózin-ózi rawajlandırıw tapsırmaları | | |

Pedagogtıń kásiplik jaqtan rawajlanıw dárejesin jáne tómendegi shkala járdeminde de anıqlaw múmkin (4-keste). Sonday etip, bazar qatnasıqları sharayatında miynet bazarında payda bolatuǵın kúshli básekege shıdamlı bolıw mútájligi hár bir qánigeni ózinde kásiplik kompetentlik hám oǵan tán sıpatlardı payda etiwge talpındıradı. Sana seziminiń kásiplik ahmiyetke iye qásiyetleri

"Qábilet", mazmunınan bolsa "iskerlikte teoriyalıq bilimlerden nátiyjeli paydalanıw, joqarı dárejedegi kásiplik uqıplılıq, uqıp hám qábiletti kórsete alıw" mánisin ańlatıwshı kompetentlik negizinde sociallıq, arnawlı (psixologiyalıq, metodikalıq, informaciyalıq, kreativ, innovciyalıq hám de kommunikativ), jeke, texnologiyalıq hám ekstremal kompetentlik sıyaqlı sıpatlar sáwlelenedi.

Kásiplik rawajlanıw shkalası 4-keste

| № | Kásiplik kompetentlik sıpatları | Shkala kórsetkishleri | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 10 | 9 | 8 | 7 | 6 | 5 | 4 | 3 | 2 | 1 |
| **1. Sociayllıq kompetentlik** | | | | | | | | | | | |
| 1 | Sociallıq mekemeler hám subektler menen óz-ara qatnasta bola alıw kónlikpe, uqıplılıqlarǵa iyeligi | | | | | | | | | | |
| 2 | Kásiplik qatnas hám háreket usılların ózlestire alǵanlıǵı | | | | | | | | | | |
| **2. Jeke kompetentlik** | | | | | | | | | | | |
| 1 | Turaqlı ráwishte kásiplik imkaniyatın arttırıw hám kásiplik uqıplılıqların asırıp barıwı | | | | | | | | | | |
| 2 | Kásiplik iskerlikte óziniń ishki imkaniyatların kórsete alıwı | | | | | | | | | | |
| **3. Arnawlı kompetentlik** | | | | | | | | | | | |
| 1 | Óz betinshe kásiplik-pedagogikalıq iskerligin shólkemlestiriwge tayarlanıwı | | | | | | | | | | |
| 2 | Kásiplik-pedagogikalıq wazıypalardı tuwrı sheshiw hám óz miynetiniń nátiyjelerin real bahalaw uqıplıǵına iyeligi | | | | | | | | | | |
| 3 | Qánigeligi boyınsha jańa bilim hám kónlikpelerin óz betinshe izbe-iz ózlestirip barıw qábiletine iyeligi | | | | | | | | | | |
| **4. Texnologiyalıq kompetentlik** | | | | | | | | | | | |

| | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Kásiplik-pedagogikalıq bilim, kónlikpe hám uqıplılıqların bayıtatuǵın aldıńǵı texnologiyalardı ózlestire alıw qábiletine iyeligi | | | | | | | | | | |
| 2 | Zamanagóy didaktikalıq qurallarınan (texnikalıq qurallar, oqıw quralları) paydalanıw uqıplılıqlarına iyeligi | | | | | | | | | | |
| **5. Ekstremal kompetentlik** | | | | | | | | | | | |
| 1 | Ayrıqsha jaǵdaylarda (tábiyǵıy apatlar bolǵanda, texnologiyalıq process isten shıqqanda) durıs qarar qabıl etiw, tuwrı háreketleniw uqıplılıǵına iyeligi | | | | | | | | | | |
| 2 | Mashqalalı jaǵdaylarda (pedagogikalıq qarama-qarsılıqlar payda bolǵanda) durıs qarar qabıl etiw, tuwrı háreketleniw uqıplılıqlarına iyeligi | | | | | | | | | | |

Juwmaqlastırıp aytqanda, joqarıdaǵı wazıypalardı itibarǵa alǵan halda pedagoglar tálim-tárbiya processinde tálim mazmunına baylanıslı innovaciyalıq tálim texnologiyaların tańlaw, shınıǵıwlar islenbesi hám texnologiyalıq kartalardı joybarlastırıw, olarda belgilengen oqıw maqsetlerdi ámelde qollana biliwi, talabalardıń jas, psixologiyalıq hám ergonomikalıq qásiyetlerine tiykarlanıp talaba shaxsına baǵdarlanǵan tálimdi shólkemlestire alıwı kerek. Pedagoglar kásiplik kompetenciyaǵa ıye bolıwı ushın ózin-ózi, izbe-iz rawajlandırıp barıwǵa itibar qaratıwı zárúr. Ózin-ózi rawajlandırıwda pedagogqa “Individual rawajlanıw dástúri” qol keledi. Demek, bul dástúrde pedagogta bar bolǵan kompetentlik sıpatları hám rawajlandırıw zárúr bolǵan sıpat, BKU tı anıq ańlawı múmkin.

**Ádebiyatlar:**


1. Муслимов Н.А., ва бошқалар. Касб таълими ўқитувчиларининг касбий компетентлигини шакллантириш технологияси// Монография. – Т.: “Фан ва технология” нашриёти, 2013.
2. Orınbetov N. STEAM texnologiyasın engiziw arqalı ulıwma kásiplik hám qánigelik pánlerdiń integraciyasında kásiplik kompetentlikti jetilistiriw// Ilim hám jámiyet. -Nókis, 2023.-№2.-B.44-47



**РЕЗЮМЕ**

Oʻqituvchilar malakali mutaxassis boʻlishlari uchun taʼlim mazmuniga mos keladigan innovatsion taʼlim usullarini oʻzlashtirishlari zarur. Ular oʻquv rejalari va sxemalarini ishlab chiqishlari, ularda

belgilangan o‘quv maqsadlariga muvaffaqiyatli erisha olishlari kerak. Mashg’ulotlar o’quvchining shaxsiyatiga, uning yoshi, psixologik va ergonomik xususiyatlarini hisobga olgan holda o’tkazilishi muhim ahamiyatga ega. Kasbiy kompetentsiyaga erishish uchun o’qituvchilar doimiy ravishda o’z-o’zini takomillashtirishga e’tibor berib, faol rivojlanishi kerak.

**РЕЗЮМЕ**

Для того чтобы педагоги были компетентными профессионалами, им необходимо освоить инновационные образовательные методы, которые соответствуют содержанию образования. Они должны уметь разрабатывать учебные планы и технологические карты, а также успешно достигать целей обучения, заложенных в них. Важно, чтобы обучение было ориентировано на личность учащегося, учитывая его возраст, психологические и эргономические особенности. Для достижения профессиональной компетентности, педагогам необходимо активно развиваться, обращая внимание на последовательное самосовершенствование.

**SUMMARY**

In order for pedagogues to be competent professionals, they need to master innovative educational methods that align with the educational content. They should be able to develop curriculum and technological maps, and successfully achieve the learning goals set within them. It is crucial for education to be student-centered, taking into account their age, psychological, and ergonomic characteristics. To attain professional competence, pedagogues must actively develop themselves, paying attention to continuous self-improvement.